# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

राजनीतिक दल लोकसभा चुनाव के परिणाम के घोषणा के बाद सरकार बनवले क कोसिस तेज कइ दिहले हवें। पांच सौ तिरालिस सदस्यन वाली लोकसभा चुनाव में भाजपा के अगुवाई वाले गठबंधन के दुई सौ बानबे सीटि मिलल हवे। भाजपा के अकेल्ले दुई सौ चालीस सीटि मिलल हउवे तेलुगु देशम पार्टी के सोरह अउर जनता दल–यूनाईटेड के बारह गो सीटि मिलल हइन।

आई.एन डी.आई.ए दुई सौ तैंतीस सीटि जितले हवे। अउरियों पारटी के खाता में अट्ठारह गो सीटि गइल हइन। कांग्रेस के निन्यानबे सीटि मिलल हउवे। समाजवादी पारटी सैंतीस सीटि जितले हवे जबकि तृणमूल कांग्रेस के ओन्तीस अउर डीएमके के बाइस सीट पर जीत मिलल हउवे। येह बिच्चे एनडीए क आजु राजधानी दिल्ली में बइठकी भइल जवने में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में लगातार तीसरी बेरि सरकार बनावे बदे भावी कारवाई पर बिचार कइले गइल। ओहर आईएनडीआईए क आजु संझा दिल्ली में बइठकी होई। कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे एगो सोसल मीडिया पोस्ट में बतवले कि चुनाव नतीजा अउर आगे क रणनीति पर बिचार करे बदे संझा छौ बजे गठबंधन क बइठकी प्रस्तावित हवे।

**********

आजु विश्व पर्यावरण दिवस क मौका पर प्रदेस के कई गो जिलन में पौधा रोपले के सथहीं पर्यावरण जागरूकता क कई गो कार्यक्रम भइल।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने लखनऊ स्थित सरकारी आवास के हाता में भिन्नहीं चंदन क पौधा लगवलें। येह मौका पर अपर मुख्य सचिव एस पी गोयल, अपर मुख्य सचिव वन अउर पर्यावरण मनोज कुमार सिंह, प्रमुख सचिव संजय प्रसाद डीजीपी प्रशांत कुमार के सथहीं कई गो अधिकारी मौजूद रहलें।

ओहर वाराणसी में नामामि गंगे संस्थान दशाश्वमेध अउर प्रयाग घाट पर गंगा क सफाई करवलस। येह दौरान गंगा सफाई अउर जल संरक्षण क संकल्पो लिहल गइल। संस्थान की ओरि से अहिल्या बाई घाट पर पर्यावरण के सुद्ध रखले अउर पौधरोपण क भावना जागृत करे बदे लोगिन के तुलसी क पौधा दीहल गइल। येह मौका पर नमामि गंगे काशी क्षेत्र क संयोजक राजेश शुक्ला कहलें कि विस्व पर्यावरण दिवस हमहन खातिर खाली एगो रसम नाही हउवे, बलुक ई खास दिन पर्यावरण संरक्षण के महत्व के बतावे वाला हवे। जौनपुर में तहसीलि अउर नगर पंचायत के सथहीं कई गो अउरियो जगहिनि पर सरकारी अउर गैर सरकारी विभागन के ओरि से पौधा लगावल गइल।

येही क्रम में भदोही जिला में वन विभाग की ओरि से पर्यावरण जागरूकता क कार्यक्रम आयोजित कइल गइल, जवने में जिलाधिकारी विशाल सिंह पौधा लगा के लोगिन के पर्यावरण बचवले क संकल्प दियवलें। कुछु अउरियो जिलन मऊ, हापुड़, अमरोहा, चित्रकूट, गोरखपुर अउर मेरठो में विस्व पर्यावरण दिवस के मौका पर पौधा लगवले के सथहीं कई गो अउरियो जागरूकता क कार्यक्रम आयोजित भइल।

**********

उत्तर प्रदेश लोकसेवा आयोग बरिस दुइ हजार चउबीस क संसोधित परीक्षा कैलेंडर जारी कइ दिहले हउवे। पीसीएस प्रारम्भिक परीक्षा सत्ताईस अक्टूबर अउर समीक्षा अधिकारी, सहायक समीक्षा अधिकारी क प्रारम्भिक परीक्षा बाइस दिसम्बर के होई। संसोधित कैलेंडर में अट्ठाइस जून से बाइस दिसम्बर ले कुलि बारह परीक्षा प्रस्तावित हवे। आयोग सम्मिलित राज्य कृषि सेवा प्रारम्भिक परीक्षा दुइ हजार चउबीस क तारीखो घोसित कइ दिहले हवे, जवन अठारह अगस्त के होई। येह परीक्षा खातिर आवेदन क प्रक्रिया दस मई रहल जवन पूरा हो चुकल बाटे अउर अभ्यर्थियन के इंतिहाने क तारीख घोसित भइले क इंतिजार रहल। ई भरती चारि साल बाद होखे जा रहल हउवे। एकर पछिला विज्ञापन बरिस दुइ हजार बीस में जारी कइल गइल रहे।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के उनके जनमदिन पर सुभकामना दिहले हवें। प्रधानमंत्री मोदी अपने एक्स हेंडल पर पोस्ट करत योगी आदित्यनाथ के दीर्घायु अउर स्वस्थ जीवन क कामना कइले हवें। श्री मोदी लिखलें कि उत्तर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के उनके जनमदिन पर हार्दिक सुभकामना। ऊ उत्तर प्रदेस क प्रगति अउर गरीबन आ बंचितन के ससक्त बनावे खातिर काम कइ रहल हउवें। हम उनके आवे वाला समय में दीरघायु अउर स्वस्थ जीवन क कामना करी लें।

ओहीं, प्रधानमंत्री के सुभकामना पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो आभार जतवले हउवें। उहां के कहलीं कि आपके आत्मीय अउर ऊर्जावान सुभकामना हमरे खातिर अथाह प्रेरणा क स्रोत हवे। आपके यशस्वी मार्गदर्शन में विरासत अउर विकास के संजो के आत्मनिर्भर उत्तर प्रदेश–विकसित उत्तर प्रदेश क संकल्पना साकार हो रहल हवे।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के जन्मदिन पर गृहमंत्री अमित शाह, केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरी, पीयूष गोयल, किरण रिजिजू अउर साध्वी निरंजन ज्योति के सथहीं कई गो परदेसन क मुख्यमंत्रियों आपन शुभकामना दिहले हवें।

येहमें अरुणाचल प्रदेश क मुख्यमंत्री पेमा खांडु, असम क मुख्यमंत्री हिमंता बिस्वा शर्मा, त्रिपुरा क मुख्यमंत्री, प्रो. डॉ माणिक साहा, छत्तीसगढ़ क मुख्यमंत्री विष्णु देव साय, उत्तराखंड क मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी, राजस्थान क मुख्यमंत्री भजनलाल शर्मा अउर मध्य प्रदेश क मुख्यमंत्री डॉ मोहन यादव सामिल हवे।

**********